

Гушхуэ зиIэ гуащIэрыпсэу

2-нэ нап.



ЩIалэгъуалэмрэ жылагъуэмрэ

3-нэ нап.



ТхыпхъэщIыпхъэхэм ящIэлъщ щIагъыбзэ

4-нэ нап.



КъикIат къэралым и щIыпIэ псоми

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№99 (25.005) • 2026 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 18, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ



# ЩIыналъэм къыхуэщхьэпэнущ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек дыгъуасэ щыIащ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ еджапIэщIэу иджыблагъэ республикэм къыщызэIуахам - Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и министерствэм Кавказ Ищхъэрэм щиIэ институтым. Ар Урысейм и Правительствэм и унафэкIэ къызэрагъэпэщауэ щытащ.**

УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым пщэрылъ къазэрыщищIам тету, мыбы къызэгъэпэщыныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкI. Япэу къыщIэтIысхьэну курсантхэм мыгувэу тхьэрыIуэ ятынущ.

ЕджапIэ нэхъыщхьэм и унафэщIыр – Урысей МВД-м и Кавказ Ищхъэрэ институтым и пашэ, полицэм и полковник Сапронов Юрий лэжьакIуэхэм яригъэцIыхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэ Iуэхукlэ къэкIуауэ щыIэ, УФ-м къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и министрым и къуэдзэ, полицэм и генерал-полковник Кубышкэ Владимир.

Зэхуэсым хэтащ Урысей МВД-м и Управленэ нэхъыщхьэм и къудамэу КИФЩI-м щыIэм и унафэщI, полицэм и генерал-полковник Бачурин Сергей, къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министру КъБР-м щыIэ, полицэм и генерал-лейтенант Крючков Вячеслав.

КIуэкIуэ Казбек УФ-м и Правительствэми Урысейм Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и министерствэми фIыщIэ яхуищIащ Урысей МВД-м и Кавказ Ищхъэрэ институтыр щылэжьэну Къэбэрдей-Балъкъэрыр къызэрыхахам папщIэ.

Институтым щIэсхэр ирагъэджэнущ курыт IэщIагъэ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэрырагъэгъуэт программэхэмкIэ, къэрал хабзэхэм тетыныр къызэгъэпэщыным ехьэлIа щIэныгъэ-къэхутэныгъэхэри щрагъэкIуэкIынущ.

«Шэч къытесхьэркъым мыпхуэдэ еджапIэ центрышхуэ ди деж къызэрыщызэIуахыр ди республикэм къызэрыхуэщхьэпэнум икIи МВД-м Кавказ Ищхъэрэм хыхьэ щIыналъэхэм щиIэ къудамэхэм лэжьакIуэхэр яхуэгъэхьэзырыным и Iуэхур хэпщIыкIыу зэрыригъэфIэкIуэнум. А Iэнатlэм епха мыпхуэдэ еджапIэ лъэрызехьэ нэхъапэм мы щIыпIэм щыIакъым. Институтым и лэжьакIуэхэм ехъулIэныгъэхэр яIэну, сыт и лъэныкъуэкIи я Iуэху ефIэкIуэну си гуапэщ», - къыхигъэщащ КъБР-м и Iэтащхьэм.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэритамкIэ

# Iуащхьэмахуэ къахэплъэу

**Тхьэмахуэ блэкIам и кIэухым Iуащхьэмахуэ лъапэ къыщызэрагъэпэщащ щэнхабзэ-нэгузыужь зэхыхьэ ин. «Кавказ Фест-2026» фIэщыгъэр зиIа а Iуэхугъуэ цIэрыIуэм теухуауэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек МАХ-м щиIэ напэкIуэцIым щетх:**

«КАВКАЗ Фест-2026» проектыр хъуащ ди республикэм и дежкIэ жылагъуэ, щэнхабзэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэ. Езы Iуащхьэмахуэ къахэплъэу, бгым и утыкушхуэм къыщызэрагъэпэщащ концертышхуэ. Абы хэтащ Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ я артист, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист, пщIэ зыхуэтщI ди лъахэгъу лъапIэ Билан Димэ, нэгъуэщI уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэр.

Пэхуэщlэ купщIафIэм и жэрдэмщIакIуэр «Кавказ.РФ» акционер зэгухьэныгъэращ. Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм социально-экономикэ и лъэныкъуэ нэхъри зегъэужьыным и Iэмалхэр къыхузэзыгъэпэщ институтым къыхилъхьэ жэрдэмхэр диIыгъщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и



Правительствэм. Апхуэдэ щIыкIэм тетущ къызэгъэпэща, егъэкIуэкIа зэрыхъуар «Кавказ Фест-2026» щэнхабзэ зэхуэсышхуэри.

А Iуэхугъуэм хиубыдэу Iуащхьэмахуэ лъапэ щрагъэкIуэкIащ ди республикэм щыпсэу лъэпкъхэм къадекIуэкI IэщIагъэхэмкIэ, я шхыныгъуэхэмкIэ гъэлъэгъуэныгъэ хьэлэмэтхэр. «Iуащхьэмахуэр – щэкI кIапэм» сурэт щIынымкIэ мастер-класс иригъэкIуэкIащ СурэтыщIхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэм хэт IэщIагъэлI цIэрыIуэ Дыщэкl Мурат. Концертышхуэм кърихьэлIахэм ящыщу куэд хэтащ «ТекIуэныгъэм и лъагъуэ» тхыдэ нэгузыужь зекIуэм. Апхуэдэу «Кавказ Фест-2026»-м и хьэщIэхэр яхуэзащ ди республикэм, къэралым щыяпэу километри 8 зи лъагагъ къурш 14-м дэкIуеифа Пекъу Алинэ.

ЖыпIэнурамэ, Iуащхьэмахуэ лъапэр щэбэт кIуам къыщызэрагъэпэща зэIущIэхэр удэзыхьэхт, гури псэри зыхьэхуу гуапэт икIи хуабэт. Iуэху дахэм зыкърезыгъэхьэлIа куэдым Iэмал яIащ ди щIыналъэм и хьэрычэтыщIэхэм, спортсменхэм, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм яхуэзэну, епсэлъылIэну. «ЩIыналъэм зегъэужьын, щэнхабзэм, спортым, туризмэм я Iэмалхэр къэдгъэсэбэпу» унэтIыныгъэм ехьэлIа псалъэмакъыр псоми яфIэхьэлэмэту къыщIэкIащ. Ар гуапэщ.

ФIыщIэ ин яхузощI «Кавказ Фест-2026» щэнхабзэ-нэгузыужь зэхыхьэ купщIафIэр къызэзыгъэпэщахэм. Ар, шэч лъэпкъ хэмылъу, хъуащ зэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIахэм абы етIуанэу къытрагъэзэжыну хуейуэ зыщI къэхъукъащIэ».

● Мэкъумэш

# Мэкъумылэ ягъэтIылъ

**ЩIымахуэм Iэщым ирагъэшхыну мэкъумылэр - мэкъумрэ сенажымрэ - жыджэру щагъэхьэзыр мы махуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым. Абы нэмыщI, хьэцэпэцэр Iуахыжа нэужь къанэ хьэуазэр зэкIуэцIапхэурэ зэтралъхьэ.**

КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм зэрыщыжаIамкIэ, зэкIэ къызэрабжамкIэ, мэкъумылэу тонн мин 1,165-рэ нобэкIэ ягъэхьэзыращ икIи мы гъэм Iэщыр зрикъуным и процент 90-м ноблагъэ ар, республикэм и мэкъумэшыщIэхэм нэгъабэ яхузэфIэкIам хуэдизи мэхъу.

Бжьыхьэм, нартыху Iухыжыгъуэр зэрырагъажьэу, силосри зэтралъхьэн щIадзэнущ.

КъищынэмыщIауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэ администрацэхэм АПК-мкIэ я управленэхэм къызэратамкIэ, республикэм и Iэщыхъуэхэр щIымахуэм техьэнущ Iэщу псори зэхэту мин 316-м щIигъу яIэу икIи нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм хуэдизщ ари.

**ЩАУЭ Даут.**

# IэщIагъэм щIэныгъэ къыхэзылъхьэхэр

**ЩIэблэм зыIэригъэхьэ ехъулIэныгъэхэм ущымыгуфIыкIыу къанэркъым, ахэр утыкушхуэм ихьамэ, абдеж щIэупщIэ щагъуэтамэ. Калугэ къалэм дэт «Лъэпкъ дуней» щэнхабзэ-егъэджэныгъэ центрым иджыблагъэ щекIуэкIащ «Лъэпкъ IэщIагъэхэм я лъахэ-2026» урысейпсо зэпеуэм и бжьыгъуэ зэфIэхьыр.**

ЛЪЭПКЪ IэщIагъэхэр хъумэнымрэ зегъэужьынымкIэ сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ папщIэ къызэрагъэпэща «Лъэпкъ хабзэхэм я удж» урысейпсо гъэлъэгъуэныгъэм ипкъ иткIэ зэхаша а Iуэхугъуэм сурэт щIынымрэ лъэпкъ IэщIагъэхэмрэ дихьэх куэд зэхуишэсащ. Жэрдэмыр зытеухуар зэчий зыбгъэдэлъ ныбжьыщIэхэр гъэгушхуэнырщ, ахэр дэзыхьэх Iуэхугъуэхэр утыкушхуэм ихьауэ, IэщIагъэр къыхэзыхахэм гъуэгу етынырщ.

Лъэпкъ IэщIагъэхэм теухуауэ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыщыхалъхьэ щIыналъэхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр. Апхуэдэу Налшык къалэм дэтщ дыщэидэм, фащэ щIыным, арджэным, шыкIэпшынэм, къамылым, нэгъуэщI куэдми дихьэххэр, ахэр щIыным щыхуагъасэ еджапIэхэр, IуэхущIапIэхэр, хасэхэр. ИкIи, ар къыхэгъэщын хуейщ, IэщIагъэ зэмылIэужьыгъуэхэм Iэижь хуэхъуа ныбжьыщIэхэр зэхьэзэхуэ куэдым хохьэ, текIуэныгъэхэр къыщыдах. ЕкIуэкIа зэхьэзэхуэм хэта ныбжьыщIэхэри апхуэдэ зэхыхьэхэм куэдрэ яхэта, IэщIагъэхэм я щэхухэр зэзыгъащIэхэм япэщIыкIэ якIэлъыплъу иужькIэ гъукIэгъэсэн хъужа защIэщ.

Урысейпсо зэпеуэр къыщыхалъхьэм, абы и утыкум ибгъэхьэ хъун щIалэгъуалэр димымащIэу къыщIэкIащ. Абы щыгуфIыкIыу, КъБР-м сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я творчествэмкIэ и унэм и унафэщI КIэрашэ Аксанэ жеIэ:

- Сабий зэчиифIэр щыплъагъум деж, ар сыт хуэдэ Iуэхум теухуами, гур хегъахъуэ, гугъапIэ гуэрхэр къызэщIегъэушэ. Дэ къыдэкIуалIэхэр зэфIэкI гъэпщкIуа зиIэ цIыкIухэм я закъуэкъым, атIэ ялъэкIынухэм тегушхуэн папщIэ щIэгъэкъуэн зыхуэхъун хуейхэри мымащIэу яхэтщ. Гъуэгу тебгъэувакъэ - Iэнкун уащIыжу хьэлэмэт куэд къапкърокI ди ныбжьыщIэхэм. Сурэт щIыкIэ ящIэми, тIэкIу бгъэгъуазэми хъунут жыхуэпIэ гуэрхэм я IэщIагъэм ущриплъэжкIэ, богъэщIагъуэ къызыкъуах дунейр зэрыщхъуэкIэплъыкIэр, гупсысэ куухэм ухуашэу куэдым гу зэрылъатэр. Лъэпкъ IэщIагъэхэми ехьэлIауэ аращ жыпIэнур. Арджэн щIыкIэ зэбгъащIэр IэщIагъэм и щэхухэм зэрыхэгъуазэу, езым и лъагъуэ пхимышыжу пIэрэ жыпIэну тхыпхъэ хьэлэмэтхэр хилъхьэу хуожьэ. ГъэщIэгъуэныр араща, IэщIагъэр зейм лъэпкъым и жьауэр щхьэщыкIыркъым, атIэ адэкIэ зэрызригъэужьыр къыхэщу апхуэдэщ. Дэтхэнэм утепсэлъыхьын, ауэ угушхуэнумэ, ди гъэсэнхэм апхуэдэ куэд къахокIри, ар гурыфIыгъуэщ. Урысейпсо зэхьэзэхуэм и щIыналъэ Iыхьэр Налшык гъатхэпэ мазэм щекIуэкIат. Абы къыщыхэжаныкIат Налшык къалэм дэт курыт еджапIэ №33-м щIэс Балъкъэр Моникэрэ Сабий творчествэмкIэ «Эрудит» центрым и гъэсэн Реуцкая Татьянэрэ. ТIуми дыкъагъэукIытакъым, утыкушхуэм екIуу ихьащ.

ЩIыналъэ Iыхьэм къыщыхэжаныкIащ Мамбэт Даринэ, Накуэ Самирэ, Бенамин Розия, Хьэгъэбанэ Арианнэ, Балъкъэр Моникэ, Реуцкая Татьянэ, Осепян Каролинэ сымэ. КъэпщытакIуэ гупым хэтащ КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI Жылэ Анатолэрэ Урысейм художествэхэмкIэ и академием и академик Црым Русланрэ. ТIури акъылэгъу техъуэу къыхагъэщхьэхукIащ лэжьыгъэхэм гъуэгу етын зэрыхуейри, Iэмал иIэххэмэ, щIыпIэ жыжьэхэм гъэлъэгъуэн зэрыхуейри.

– Сыт хуэдэ IэщIагъэми узыIэпешэ, хэлъ щIагъыбзэр нахуэ хъуа нэужьи, укъыIэщIэмыкIыжу уеIыгъ, хэбгъэхъуэну ухуейуэ гукъыдэж къыуиту, зебгъэужьыну ухущIэкъуу гузыхэщIэ къыпхилъхьэу. ЩIэныгъэ щIызэдгъэгъуэтыр IэщIагъэ диIэн папщIэщ. Ауэ щыIэу къыщIэкIынущ IэщIагъэ, щIэныгъэ къыхыумыхынкIэ Iэмал имыIэу. Дызыхэплъа лэжьыгъэхэр къанэ щымыIэу апхуэдэщ, – жиIащ Црым Руслан.

Хъыджэбз цIыкIухэр псори къэралпсо Iыхьэм хэтыну Iэмал ягъуэтащ.

Калугэ щекIуэкIа зэхьэзэхуэм цIыхушхуэ екIуэлIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу абы нэса хъыджэбзхэм ящыщу зи лэжьыгъэ гулъытэ хэха игъуэтар тIуращ. Апхуэдэу Балъкъэр Моникэ (унэтIакIуэр Джэрыджэ Тимурщ) и лэжьыгъэр «Техникэр зи лъабжьэ творчествэ» унэтIыныгъэм къыщыхэжаныкIащ, абы Гран-прир къихьащ, япэ нагъыщэр зиIэ лауреат цIэри къыхуагъэфэщащ. Адыгэ пщащэ цIыкIум «Мазэ жыг хадэ» зыфIища и лэжьыгъэм хузэфIэкIащ уафэщI дунейм и теплъэр техникэ IэмалхэмкIэ къигъэлъэгъуэн. Псом хуэмыдэу, телъыджэ ящыхъуащ Моникэ и лэжьыгъэм хэт кхъухьыр. Къыхэгъэщын хуейщ зэпеуэм и тхыдэм къриубыдэу а дамыгъэ нэхъ лъагэ дыдэр Къэбэрдей-Балъкъэрым япэу къызэрыхуагъэфащэр.

Реуцкая Татьянэ и лэжьыгъэхэр (унэтIакIуэр Даниленкэ Оксанэщ) унэтIыныгъищым щигъэлъэгъуащ. Хъыджэбз цIыкIум и насып кIэныр кърихауэ къыщIэкIынут - унэтIыныгъищми япэ нагъыщэр зиIэ лауреат цIэр къыщыдихащ: зыр «Лъэпкъ IэщIагъэхэр» унэтIыныгъэм, тIур «IэщIагъэ гуэдзэхэр» унэтIыныгъэм.

Хъыджэбз цIыкIуитIми я зэфIэкIхэр лъагэу щIыпIэ жыжьэм щаIэтащ, я цIэри фIыщIэгуапэ тхылъхэмкIэ кърaIуащ.

**ШУРДЫМ Динэ.**

# Ди къуэш республикэхэм

## ПщIэрэ зэфIэкIрэ зыбгъэдэлъщ

**АДЫГЕЙ. Республикэм и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат псалъэ гуапэкIэ зыхуигъэзащ зи юбилейр зыгъэлъапIэ, Мейкъуапэ къэрал технологие университетым и ректор Къуиижь Саидэ. ЩIэныгъэ лэжьакIуэ Iэзэу, егъэджакIуэ нэсу зэрыщытым къыдэкIуэу, пщIэрэ зэфIэкIрэ зыбгъэдэлъ унафэщIуи зыкъигъэлъэгъуащ абы.**

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэм къызэрыхигъэщащи, еджапIэ нэхъыщхьэм IэщIагъэ куэдым щыхурагъаджэ. Мыхьэнэшхуэ зиIэ унэтIыныгъэхэм ящыщщ зезыгъакIуэр зэрымыс кхъухьлъатэхэм япыщIа IэщIагъэлIхэр МГТУ-м и Дзэ еджапIэ центрым щыгъэхьэзырыныр. Абы къыщIэкIхэм щIэупщIэ щаIэщ дзэ къулыкъуми граждан IэнатIэми.

КъумпIыл Мурат жиIащ Къуиижь Саидэ Ректорхэм я урысей зэгухьэныгъэм, Урысейм и Ипщэ федеральнэ щIыналъэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм я ректорхэм я советым зэрыхэтыр, апхуэдэуи Краснодар щIыналъэмрэ Адыгей Республикэмрэ я еджапIэ нэхъыщхьэхэм я ректорхэм я советым и тхьэмадэм зэрикъуэдзэр.

## Жуковым и медалыр къыхуагъэфащэ

**КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. Усть-Джегута районым и Къуейдан жылэм щыпсэу Къэхъун Жэмал Хэкур ихъумэу къигъэлъэгъуа лIыгъэм папщIэ Жуковым и медалыр къыхуагъэфэщащ.**

ДЗЭ Iуэху хэхам зэрыщIидзэу Жэмал ар щекIуэкI щIыпIэм езым и фIэфIыныгъэкIэ кIуащ. Пщэрылъ къыщащIа къалэнхэр ноби егъэзащIэ лIыгъэ къигъэлъагъуэу, Урысейм ифI зыхэлъхэр ехъумэ.

- Дэ дрогушхуэ ди лъахэгъу Къэхъун Жэмал. Абы кърата дэтхэнэ дамыгъэми къагъэлъагъуэ а цIыхум и лIыгъэр, къэмылэнджагъэр, и къалэныр щIыхь пылъу зэригъэзащIэр. Ди гуапэщ къарурэ узыншагъэ быдэрэ иIэну. Унэм дыщыпоплъэ, - къыщыхагъэщащ район администрацэм.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

# Ныпым и махуэшхуэм зыхуагъэхьэзыр



**Бахъсэн район администрацэм и пресс-IуэхущIапIэм къызэритымкIэ, щIыналъэм щрагъэжьащ къэралым и махуэшхуэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыр - Урысей Федерацэм и Къэрал ныпым и махуэр - гъэлъэпIэным зыхуэгъэхьэзырын.**

МАХУЭМ и пэ къихуэу районым и къуажэ псоми хэкупсэ, щэнхабзэ-узэщIыныгъэ, спорт программэ ин щаубзыхуащ, къалэн нэхъыщхьэуи ягъэуващ къыдэкIуэтей щIэблэр а Iуэхухэм хэшэныр.

Махуэшхуэм и Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм икIи нэхъ Iэтахэм ящыщщ «Дэ Урысейм дрицIыхущ!» акцэр. Абы ипкъ иткIэ Бахъсэн районым щыпсэу, зи ныбжьыр илъэс 14 ирикъуа ныбжьыщIэхэм ящыщу еджэным, спортым, жылагъуэ гъащIэм ехъулIэныгъэхэр щызыIэрызыгъэхьахэм гуфIэгъуэ щытыкIэм иту иратынущ Урысей Федерацэм и паспортхэр. Бахъсэн районым и ЩIалэгъуалэ центрым щекIуэкIынущ Урысейм и тхыдэм, и дамыгъэхэм, и къэрал ухуэкIэм теухуа зэпеуэхэр, зэIущIэхэр.

Махуэшхуэм къыхашэнущ щIыналъэм и егъэджэныгъэ, зи школ кIуэгъуэ мыхъуа цIыкIухэр зэкIуалIэ IуэхущIапIэ псори. Апхуэдэу ирагъэкIуэкIынущ хэкупсэ флешмобхэр, сурэтхэмрэ декоративно-прикладной гъуазджэмрэ я творческэ зэпеуэхэр, Хэкум теухуа усэхэр къыщыIуну литературэ сыхьэтхэр, щалъхуа щIыналъэм теухуа псалъэжьхэмрэ жыIэгъуэхэмрэ теухуа зэхьэзэхуэхэр, спорт джэгу зэмылIэужьыгъуэхэр. «Триколор» урысейпсо Iуэхум хэту районым и волонтерхэм уэрам нэхъыщхьэхэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ щагуэшынущ къэрал ныпым къытращIыкIа лентIхэр. Урысей ныпым и плъыфэр зиIэ шархэр уафэм драгъэлъэтеинущ.

Мы Iуэхугъуэр хуэунэтIащ щIалэгъуалэр хэкупсэу, Урысейм и къэрал дамыгъэхэм пщIэ хуащIу, и тхыдэ фэеплъхэр яхъумэу къэгъэхъуным.

**ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.**

**Гу зылъытапхъэ**

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIащIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8 (8662) 40-89-70, 40-34-32**.

# Адэжь лъапсэм гухэхъуэгъуэ щегъуэт

**Усаклуэ цIэрыIуэ Тхьэгъэзит Зубер и псалъэхэр лъабжьэ зыхуэхъуа уэрэдым хэтщ мыпхуэдэ псалъэхэр - «ЦIыху Iей дунейм щыкуэду жаIэ, къызжаIэ пэтми мыхъу си фIэщ, цIыхуфI дунейм щымащIэу жаIэ, къызжаIэ пэтми мыхъу си фIэщ». А псалъэхэм щыхьэт техъуэфынущ дэтхэнэ зыри - цIыху Iейр мымащIэу щыIэ щхьэкIэ, цIыхуфIыр куэдкIэ, куэдкIэ йобэкI. Абы Iэджэрэ щыхьэт сытехъуащ си гъащIэм къриубыдэу сызыIущIа цIыхухэр сигу къыщызгъэкIыжкIэ, зэкъуэшым хуэдэу зэрылъагъу зэныбжьэгъу гуп сащрихьэлIэкIэ. Апхуэдэхэщ зы IэнатIэ Iуту къызэдэгъуэгурыкIуа, зи шыфэлIыфэм, къакIуа гъуэгуанэр зыхуэдэм зыкъом щIауэ сызыщыгъуазэ щIалэ гупыр - Мэкъумэш хозяйствэмкIэ министерствэм и Iэтащхьэу щыта Къущхьэ Амырхъан, абы и дамэм щIэту Iуэху зезыхьа Абазэ Владимир, министерствэм хиубыдэ къудамэ зэхуэмыдэхэм щылэжьахэу БжыкIший Хьэмидбий, Iэрэмысэ Аслъэнбий, Бесчокъуэ Борис сымэ. Зы IуэхущIапIэ зэрыIумытыжрэ зэманыфI дэкIами, гу къабзэ -псэ къабзэкIэ зи IэнатIэхэр зезыхьа а лъэпкъылIхэр зэфIэкIуэдакъым - щIэх-щIэхыурэ зэщIэупщIэу, зэхуэзэу, я гъуркIи я цIынэкIи зэрыщIэу, гуфIэгъуэми гузэвэгъуэми зэрыгъуэту къызэдокIуэкI. Абыхэм ящыщ зыщ ди тхыгъэр зытедухуа Абазэ Владимир** *(сурэтым)*



АРУАН къуажэм дэт и адэжь лъапсэм дыхьэжа нэужь, Владимир зэмзэм и нэгу къыщIоувэж и сабиигъуэр, и дэджэгуэгъуу щыта щIалэ цIыкIухэр, школым къыдыщIэсахэр, я хьэблэм щыпсэуа нэхъыжьхэр. Псом хуэмыдэу Хэку зауэшхуэм хэта, «Лыхъужьыгъэм папщIэ» медалыр щэнейрэ зыхуагъэфэща и адэ Лъостэн жылэм щиIа пщIэр зэи щыгъупщэркъым:

- Зауэр иуха нэужь ди адэр занщIэу къаутIыпщыжакъым, - игу къегъэкIыж Владимир, - армэм даш щIалэщIэхэр игъасэу мазэ зыщыплIкIэ къэгувэжащ. КъэкIуэжа нэужь, дзыхь кърагъэзэри, колхозым и гъавэ хъумапIэм и нэхъыжьу ягъэуващ. 47- 48 гъэхэр щытащ гъейуэ. Абы щыгъуэ Iэмал гуэрхэр къигъуэтурэ, ди адэр ядэIэпыкъуащ ерыскъыкIэ гузэвэгъуэ къызылъыкъуэкIа къуажэдэс зыкъомым. Ар IэфIу ягу къагъэкIыжу цIыху зыбжанэм къысхуаIуэтэжащ. Ди адэм зауэм къикIыжахэм ящыщу ныбжьэгъу зыкъом иIэт. Зэзэмызэ, пщыхьэщхьэкIэрэ, лIы зытхух ди унэ щызэхуэсырти, тепсэлъыхьыжырт фронтым щагъэвахэм, я Iуэху зэрыхъуахэм, къызэрелахэм. Абы щыгъуэ си тхьэкIумэр тегъэхуауэ седаIуэрт а къаIуэтэжхэм. ИтIанэ, сытым хуэдэу сыгушхуэрт ди адэр школым нашауэ нэмыцэхэм зэрапэщIэтам, ди хэкур зэрахъумам щытепсэлъыхьыжкIэ. А зэманыр сыт хуэдизу мыгугъуами, цIыхум яку дэлъа зэхущытыкIэр, зэхуэIэфIу, зыр зым дэIэпыкъуу къызэрекIуэкIар нобэ сщыгъупщэркъым.

Лъостэнрэ абы и щхьэгъусэ Мэржанрэ я бынитхум нэхъыжьыр Владимирти, арат анэм и щIэгъэкъуэныр, Iуэху нэхъыбэ зи пщэ къыдэхуэр. Адэр колхозым махуэ псом щыщыIэкIэ Iэщым я шхынри, пхъэ гъэсын зэзыгъэпэщыну къызытехуэри бын пажэрт. ЩIалэ цIынэу, и Iэпкълъэпкъыр зэрымыубыдауэ ар пэрыхьащ лэжьыгъэм: шыдыгукIэ дэкIыурэ шэмэджкIэ мэкъу еуащ, мэз кIуащ. КIэщIу жыпIэмэ, пщIантIэм сыт хуэдэ Iуэху щызэфIэгъэкIын хуейми пасэу ижь хуэхъуащ.

8-нэ классыр къызэринэкIа нэужь, Абазэхэ я щIалэ пажэр щIотIысхьэ ухуакIуэхэр щагъэхьэзыру Тырныауз дэт профтехучилищэм. Ар къеухри, военкоматым и тхылъымпIэкIэ ягъакIуэ Налшык дэт автошколым. И еджэныр илъэс ныкъуэм зэфIокI, армэм дашри, дзэм къулыкъу щещIэ, и лъэпкъым, и жылэм, здикIа щIыналъэм я пщIэр иIэту. Дзэ къулыкъум щыIа дэтхэнэми ещIэ - армэ гъащIэр тыншкъым, ауэ пасэу лэжьыгъэм ипсыхьа щIалэм илъэсищыр ирихьэкIащ гугъуехьыр къытемыундагъуэу, дэтхэнэ лъэпощхьэпори лIы хуэдэлIу къызэринэкIыу.

Армэ нэужьым Абазэр шоферу мэув «Къэббалъкъпотребсоюзым». Ауэ абы пIалъэ кIыхькIэ щыIакъым. Мэкъумэш хозяйствэмкIэ министр ХьэщIэлI Мухьэмэд къызэрикIухь машинэм ирагъэтIысхьэну къыщыхуагъэлъагъуэм арэзы мэхъу. Къулыкъушхуэ зыIыгъым и шоферу ущытыныр Iуэху къызэрыгуэкIкъым. Япэрауэ, абы и гъащIэмкIэ жэуап бохьри, зы меданкIи уи лэжьыгъэр IэпэдэгъэлIэл пщIыуэ къыпхуэдэнукъым. КъыкIэлъыкIуэрауэ, абы сыт щыгъуи укъигъуэтын хуейщ, ещанэрауэ, къызэрикIухь машинэр зэпэщу, къабзэлъабзэу зумыхьэу хъунукъым. А псор екIурэ ещхьу зэригъэIуу министрым и машинэр илъэсипщIкIэ зэригъэкIуащ Владимир. А IэнатIэм зэрыIутым хуэдэу, университетым щIэтIысхьэри, инженер-механик IэщIагъэр иIэу 1977 гъэм къиухащ.

ЩIэныгъэ ищхьэ зыгъуэта, зи Iуэхум гугъэзагъэу бгъэдэту зыкъэзыгъэлъэгъуа щIалэм къулыкъу кърат: я дзыхь кърагъэзэри, Мэкъумэш хозяйствэмкIэ министерствэм и гаражым и нэхъыжьу ягъэув. Абы щыгъуэ и ныбжькIэ здынэса щыIэтэкъым Абазэр - илъэс 34-рэт зэрыхъур. А IэнатIэр зыхуей хуэзэу зепхьэн щхьэкIэ хэлъэт уиIэу, акъыл жан убгъэдэлъу, узыпэрагъэзыва Iуэхум и хьэрискхъуэрисхэм фIыуэ ущыгъуазэу ущытын хуейт. Илъэситху кIэ а къулыкъур зэрихьауэ, Абазэм къыхуагъэлъагъуэ нэгъуэщI Iуэху: министерствэм и къудамэм и унафэщIу, а IэнатIэм хиубыдэ технадзорым и инженер нэхъыщхьэу ягъэув. Жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ лэжьыгъэт ар.

90 гъэхэм икухэм зэхъуэкIыныгъэ куэд щекIуэкIащ къэралым и IуэхущIапIэ зэхуэмыдэхэм. Абыхэм яжь къыщIимыхуу къэнакъым Мэкъумэш хозяйствэмкIэ министерствэм. 1996 гъэм Владимир и пщэ дэлъ къалэнхэм къыхохъуэ: ЧС-мкIэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ къэхъукъащIэ шынагъуэхэмкIэ, гъавэр мафIэсым щыхъумэнымкIэ, республикэм и техникэр губгъуэ лэжьыгъэхэм зэрыхуэхьэзырымкIэ, дагъэгъэсыныр зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэпынымкIэ жэуаплыныгъэр и пщэ къыдохуэ. А лэжьыгъэхэм зэрыпэрыта илъэс 21-м къриубыдэу Владимир зэфIигъэкIахэм дыкъытеувыIэнкъым. Уи IэнатIэм ухуэмыижьмэ, апхуэдиз зэманкIэ ар уагъэIыгъыну фIэщхъугъуейщ.

Мэкъумэш хозяйствэмкIэ министерствэм къыIукIа нэужь, Абазэр илъэс зыбжанэкIэ щыIащ республикэм и профсоюз щхьэхуитхэм я федерацэм - транспорт IуэхухэмкIэ и къудамэр IэщIэлъу.

Абазэм и IуэхущIафэр гулъытэншэу къэнакъым: техникэр хъумэным теухуауэ РСФСР-м МэкъумэшымкIэ и министерствэм иригъэкIуэкIа еплъыныгъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым тIэу ещанэ увыпIэр щиубыдащ. Абы папщIэ республикэм къратащ автомашинэ зыбжанэ, а Iуэхум республикэм и министерствэр хуэзыгъэхьэзыра Владимир къыхуагъэфэщащ щIыхь тхылъхэр. Апхуэдэу Абазэм къратащ Урысей Федерацэм и профсоюз щхьэхуитхэм я щIыхь тхылъи, нэгъуэщI дамыгъэхэри. Ауэ, шэч хэмылъу, лэжьыгъэшхуэ зыгъэхъа а лIым нэхъыбэж хуэфащэт.

ГъащIэ жыхуаIэраци, абы сыт щыгъуи къыщызэдогъуэгурыкIуэ гуфIэгъуэри нэщхъеягъуэри. Уз бзаджэм иубыдри, дунейм ехыжащ абы и щхьэгъусэр - экономист нэхъыщхьэу Мэкъумэш хозяйствэмкIэ министерствэм щылажьэ Быж Тамарэ. А гузэвэгъуэр мыужьыхыжауэ, абы къыкIэлъыкIуащ нэгъуэщI гуауэ: и къуэ Мурати анэм зэрыкIэлъыпсэужаишхуэ щыIэкъым. Ауэ а нэщхъеягъуэхэм зыдигъэшакъым Владимир - пхуэмышэчын Алыхьым къыптрилъхьэркъым жаIэркъэ, адыгэлI хабзэу, и фэм дигъэхуащ. Илъэс Iэджэ дэкIыжа нэужь абы щхьэгъусэ хуэхъуащ Тэхъухэ Iэсят.

Зэманыр шэ икIауэ макIуэ жыхуаIэракъэ, куэд щIащ Владимир къэрал IэнатIэхэр къызэригъанэрэ. И ныбжькIэ илъэс 80-м щхьэдэхами, лажьэу зи дунейр зыхь лIыр ноби Iуэхуншэкъым. Абы сытым хуэдэу дэрэжэгъуэ ин игъуэтрэ и адэ лъапсэжьым щыдыхьэжкIэ, и анэкъилъхухэм, мылицэм хэта и къуэшхэм - подполковник Руслан, полковник Валерэ, Жэмтхьэлэрэ Аргуданрэ унагъуэ хъуауэ щыпсэу и шыпхъухэу Ритэрэ Риммэрэ щаIущIэкIэ:

- Анэкъилъхухэр абы дыщызэхуэсыжа нэужь, дигу къыдогъэкIыж Iэджэ - ди адэ-анэр гугъу къызэрыддехьар, яIэ пщIэр, абы я фэеплъу зыдохьэ, хэдгъэкIуэдэжыркъым лъапсэр, хадэр - пхъэщхьэмыщхьэм, хадэхэкIым долэжь, нэхъапэхэм хуэдэу, ди пщIантIэм джэдкъаз дэтщ.

Владимир, дауи, иримыгушхуэу къанэркъым и къуэ Мурат щIэблэ узыншэ къызэрыщIэтэджам, ипхъу Джульеттэрэ и малъхъэмрэ IэнатIэ хьарзынэ зэрыIутым. Пасэу зи дунейр зыхъуэжа Мурат къыщIэнауэ Владимир иIэщ къуэрылъхуитI: Алимрэ Элинэрэ. ЩIалэм цIыхубэ хозяйствэмкIэ щыIэ урысейпсо академиер къиухащ, мы зэманым щолажьэ ди республикэм ЭкономикэзыужьыныгъэмкIэ и министерствэм. Элинэ МГУ-р къиухащ, Тхьэзэплъхэ я нысэщ, Пироговым и цIэр зэрихьэу Москва дэт институтым IэнатIэ щыIутщ. Зэщхьэгъусэхэм щIалэ цIыкIу яIэщ, БетIал и цIэу. Джульеттэ щолажьэ Пироговым и цIэр зезыхьэ институтым, Владимир и малъхъэр, Балъкъэр Аслъэн, Склифосовскэм и цIэкIэ щыIэ институтым хирургыу щыIэщ, абы и къудамэхэм ящыщ зым и нэхъыжьу. Абыхэм зэдагъуэтащ пхъуитI - Камиллэрэ Лаурэрэ. Камиллэ президентым деж цIыхубэ хозяйствэмкIэ щыIэ академиер диплом плъыжькIэ къиухауэ и анэм щIыгъуу мэлажьэ, Лаури и шыпхъу нэхъыжьыр щеджа академиер диплом плъыжькIэ къызэринэкIри, иджыблагъэ щIэтIысхьащ МГИМО-м и магистратурэм. Апхуэдэ щIэныгъэшхуэ зыгъуэта щIэблэ дыгъэм щIалэ уадэмыхъужу къэнэн - арауэ къыщIэкIынщ нобэ зэрыт ныбжьым нэхърэ илъэс 15 - 20 хуэдэкIэ нэхъыщIэу пфIэщIу Владимир щIалафэ щIытетри.

Уи щIэблэм я фIым, я ехъулIэныгъэм лъагэ урихъуу уи гъащIэ Iыхьэр епхьэкIыну ди гуапэщ, Владимир!

**САУТ СулътIан.**

# ЩIалэгъуалэмрэ жылагъуэмрэ

**Зи щIэныгъэкIэ, зэфIэкIкIэ щIалэгъуалэ куэдым щапхъэ зытрах хъун пщащэщ ШэрIужь Олесэ. Ар КъБКъУ-м и Социально-гуманитар институтым Социальнэ лэжьыгъэм и теориемрэ технологиемкIэ и кафедрэм и ассистентщ, философие щIэныгъэхэмкIэ кандидат лэжьыгъэр иджыблагъэ ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIащ. И щIэныгъэ лэжьыгъэм лъабжьэ хуищIащ иджырей жылагъуэ зэхэтыкIэм щекIуэкI щIалэгъуалэ щэнхабзэмрэ щэнымрэ, апхуэдэуи ар псэукIэ, философие я лъэныкъуэкIэ зэпкърихыжащ. Мы лэжьыгъэм псом хуэмыдэу мыхьэнэшхуэ щиIэщ социальнэ, бжыгъэр зи лъабжьэ зэхъуэкIыныгъэ псынщIэхэм я лъэхъэнэу иджыпсту дызыхэпсэукIым.**



ШЭРIУЖЬ Олесэ 2011 гъэм КъБКъУ-р къиухащ. Социальнэ лэжьакIуэ IэщIагъэр зригъэгъуэта нэужь, абы и щIэныгъэм адэкIи щыпищащ ди университетым, нобэ ехъулIэныгъэхэр иIэу абы егъэджакIуэ лэжьыгъэмрэ щIэныгъэ лэжьыгъэмрэ щызэдехь.

Философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Хъубий Башир и унафэм щIэту пщащэм игъэхьэзыра диссертацэр гъэщIэгъуэн ящыхъуащ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ШэрIужьым IупщIу зэпкърихащ щэнхабзэ лIэужьыгъуищым я къызэдекIуэкIыкIэр, ахэр - псоми къызэдащтэ щэнхабзэр, щIалэгъуалэ щэнхабзэр, щхьэзакъуэ щэнхабзэр. Олесэ къигъэлъэгъуэну иужь итащ щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэщIэхэр нэхъыжьхэм зэрапэщIэмыувэр, атIэ жылагъуэм зэрызиужь Iэмалхэм ящыщ зыуэ, уеблэмэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр.

- Нэхъ гурыIуэгъуафIэу жыпIэмэ, си лэжьыгъэм гулъытэ нэхъыщхьэ щыхуэсщIащ щэнхабзэ лIэужьыгъуэ псори зэрызэдэлажьэр. Псоми къызэдащта щэнхабзэм щIалэгъуалэр зэрытехьэм хуэдэу, щIалэгъуалэми а щэнхабзэм зрегъэхъуэжыф е хэлъхьэныгъэщIэ гуэрхэр хуещI. А Iуэхур щIэныгъэм къыщагъэлъагъуэ хабзэщ «социокультурэ къэгъэщIэрэщIэжыныгъэ» гурыIуэныгъэмкIэ. ЩIалэгъуалэмрэ щIалэгъуалэ щэнхабзэмрэ иджырей жылагъуэр зытет щэнхабзэр нэхъ къулей ящIу аращ, армыхъумэ зэран хуэхъуркъым», - жеIэ философие щIэныгъэхэмкIэ кандидат пщащэм.

Абы щыхьэт техъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэгъуалэм драгъэкIуэкIа къэхутэныгъэм - социологие щIэупщIэныгъэм - къриIуахэр. Иджы щIэуэ къежьа трендхэм яжь къащIихуами, щIэныгъэлIхэр «Iуэхугъуэ зэIумыбзкIэ» зэджэ къухьэпIэ субкультурэр я деж къэсами, республикэм къыщызэтенащ ижь-ижьыж лъандэрэ ди лъэпкъхэм япэ ирагъэщ унагъуэ хабзэмрэ лъапIэныгъэхэмрэ.

«ЕдгъэкIуэкIа щIэупщIэныгъэм хьэкъ тщищIащ щIэблэм адэ-анэмрэ унагъуэхэмрэ яIэ мыхьэнэр къазэрыгурыIуэр. ЗэупщIахэм я нэхъыбэм щапхъэу яIэр я адэанэрщ. Унагъуэ хъугъуэфIыгъуэхэмрэ лъапIэныгъэхэмрэ зыхалъагъуэр адэрщ, анэрщ, сабиигъуэрщ», - къыхегъэщ къэхутакIуэм.

Абы къыдэкIуэу Олесэ егъэбелджылы иджырей бжыгъэ щытыкIэм къишэнкIэ хъуну шынагъуэхэр. «Щэнхабзэ дунейр зэзыгъэдзэкIа къару лъэщ хъуащ Интернетыр. Бодрийяр Жан къызэрыхигъэщамкIэ, гъащIэр менюм ещхь мэхъу, цIыху щхьэхуэм игу ирихьыр къыхихыу. Араци, урысей щIалэгъуалэм нобэ и гъащIэ лъагъуэр щиубзыхукIэ, абы и зыужьыныгъэр къызэпыуда мыхъун папщIэ ди нэIэ ятедгъэтынырщ, лъапIэныгъэхэр фIэмыгъэкIуэдынырщ», - жеIэ Олесэ. - Жылагъуэм и гулъытэншагъэрщ, щэнхабзэ Iуэхухэм, къэхъукъащIэхэм зэрыкIэлъымыплъырщ, щIалэгъуалэм я гъащIэм гуп мыузыншэхэр щIыщызэфIэувэр. Мыхьэнэшхуэ иIэщ лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэр хъумэным - щIэныгъэр, зэпсэлъэныгъэр, щIыхьыр, напэр, Iыхьлыхэмрэ Хэкумрэ я пащхьэ щахь жэуаплыныгъэр зыщагъэгъупщэ хъунукъым».

Олесэ зи гугъу ищIа социально-философие анализым къриIуахэр КъБКъУ-м и егъэджэныгъэ ухуэкIэм хагъэхьакIэщ икIи «ЩIалэгъуалэм ядэлэжьэныр къызэгъэпэщын», «Социальнэ лэжьыгъэм и теориемрэ технологиемрэ» дисциплинэ щхьэхуэхэр щрагъэджкIэ къагъэсэбэпынущ.

ШэрIужьым и мурадщ иджырей щIалэгъуалэм я гупсысэкIэр, лъапIэныгъэу къалъытэхэр дяпэкIи нэхъ кууэ зригъэщIэну. Абы Iэмал къритынущ щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм зэрызаужь хабзэхэр нэхъыфIу къыгурыIуэнымкIэ, къыдэкIуэтей щIэблэм нэхъ купщIафIэу ядэлэжьэнымкIэ.

ШэрIужь Олесэ и щIэныгъэ диссертацэр гъэхьэзырыныр, пхыгъэкIыныр лэжьыгъэ ерыщым къыпэкIуащ. Ар щолажьэ КъБР-м Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министерствэм, щрегъаджэ Социально-гуманитар институтым. ФIыщIэ псалъэ хэхахэр хужеIэ и щIэныгъэ унафэщI Хъубий Башир. Профессорыр хуабжьу къыдэIэпыкъуащ, апхуэдэуи зыкъыщIагъэкъуащ кафедрэм щилэжьэгъухэу Атэбий Заремэ, Бацу Заремэ сымэ, щIэгъэкъуэн нэхъыщхьэ къыхуэхъуа и адэанэм яхуэарэзыщ.

*Тхыгъэри сурэтри* **ДАРИЙ Дахэнур** *ейщ.*

● УФСБ-м къет

## Зэрыхуейуэ къигъэсэбэпащ

**Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэмрэ КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэмрэ экономикэ щIэпхъаджагъэм пэщIэт Iуэхухэр ирагъэкIуэкIыу къызэпаудащ Шэджэм районым и пощт зэпыщIэныгъэ къудамэхэм ящыщ зым и унафэщIым илэжь хабзэншагъэр.**

КЪЫЗЭРАХУТАМКIЭ, абы и нэIэ зытет IуэхущIапэм и балансым илъ ахъшэр зыкIэщIиупщIэри, езыр зэрыхуейуэ къигъэсэбэпащ.

Урысейм и СК-м и Следственнэ управленэу КъБР-м щыIэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 160-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм ипкъ иту. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зылэжьар илъэси 6-м нэскIэ ягъэтIыс.

## ЗэкIэ къару игъуэтакъым

**КъБР-м и Iуащхьэмахуэ район судым хэIущIыIу ищIащ «шэрихьэт плъыр» экстремист зэгухьэныгъэм хэт цIыхуипщIыр зэрагъэкъуаншэ унафэр, - къет Iуащхьэмахуэ район судым и пресс-IуэхущIапIэм.**

ГУПЫМ илэжь хабзэншагъэр къызэпаудащ Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, Урысей МВД-м и управленэ нэхъыщхьэу КИФЩI-м щыIэмрэ республикэ МВД-мрэ.

Судым ахэр къуаншэу къилъытащ икIи тезыр тралъхьащ:

- гупым и къызэгъэпэщакIуэм - илъэси 7-рэ мази 6-рэ тутнакъхэр ткIийуэ щаIыгъ колонием щигъэкIуэну, илъэси 2-м и хуитыныгъэхэр хуагъэмэщIауэ. Апхуэдэуи илъэси 3-кIэ ар хуиткъым интернетыр къигъэсэбэпыну, дин, жылагъуэ IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэм хэтыну;

- Iуэхур зытещIыхьа адрейхэм - илъэси 3,5-м щыщIэдзауэ 4,5-м нэс тезырыр колоние къызэрыгуэкIым щагъэкIуэнущ, я хуитыныгъэр зы илъэскIэ хуагъэмэщIауэ.

Зэрагъэкъуаншэ унафэм зэкIэ хабзэм ипкъ иткIэ къару игъуэтакъым икIи хагъэплъэжыну Iэмал яIэщ.



# НыбжьыщIэхэм яхуэгъэза гулъытэ

**Хабзэ хъуауэ, шыщхьэуIу мазэм дэнэкIи щокIуэкI сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ гъэ еджэгъуэщIэм хуэгъэхьэзырыжыным епха лэжьыгъэхэр. А Iуэхум жыджэру хэтщ адэ-анэхэри, еджапIэхэри, къэрал, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэри. Хэти сабийхэр щыгъынкIэ къызэрегъэпэщ, адрейхэри тхылърэ еджэным къыщагъэсэбэпын нэгъуэщI хьэпшыпхэмкIэ яхуоупсэ, нэгъуэщIхэри йолIалIэ щIэныгъэ зэгъэгъуэтыным хэт псоми IэмалыфIхэр яIэным.**

ЗИ ГУГЪУ тщIы апхуэдэ лэжьыгъэхэм хиубыдэу ди республикэм и щIыналъэхэм щокIуэкI «Сабийр школым худогъэхьэзыр» псапащIэ Iуэхур. Илъэс зыбжанэ лъандэрэ абы жыджэру хэтхэм ящыщщ КъБР-м ЩIыналъэ унафэр зэрыщызекIуэм кIэлъыплъ центрым (ЦУР) и IэщIагъэлIхэр. Егъэджэныгъэм кIэ IэнатIэхэм къадэкIуэу, абыхэми гулъытэ хуащIынущ ди республикэм и школакIуэхэу щытыкIэ гугъум итхэм, апхуэдэуи ди къэралым къыхыхьагъащIэ щIыналъэхэм щыпсэу ныбжьыщIэхэми.

ЦУР-м и IэщIагъэлIхэм тхьэмахуитI блэкIам къриубыдэу зэхуахьэсащ сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ еджэным къыщагъэсэбэпыну хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр. Къэлътмакъ щхьэхуэхэм ирагъэзэгъащ ручкэхэр, тетрадхэр, къэрандащхэр, нэгъуэщI зыхуеинухэр. КъБР-м Сабийм и хуитыныгъэмкIэ щыIэ уполномоченнэ Бэдракъ Iэминэ а псори яIэригъэхьэжынущ школакIуэ цIыкIухэр зэрыс унагъуэ хуэмыщIахэм.

«Ди щIыналъэм щыпсэу школакIуэ цIыкIухэр еджэным щыхуагъэхьэзырыж мы лъэхъэнэм дэри ди гуапэу дыхоувэ а Iуэхум, сыту жыпIэмэ нобэ зызыщIэдгъакъуэ щIэблэр ди къэралым, щIыналъэм я къэкIуэнуращ, - жеIэ КъБР-м и ЦУР-м и унафэщI КIэдыкIуей Мадинэ. - Жылагъуэм мыхьэнэшхуэ щызиIэ «Сабийр школым худогъэхьэзыр» псапащIэ Iуэхум» тфIэфIу, псапэ зэрыдлэжьым ди гум жьы дригъэхуу, жыджэру дыхэтщ IуэхущIапIэм и IэщIагъэлI псори. Дэри гурэ псэкIэ зыхыдощIэ зыхуей-зыхуэфI псомкIи къызэгъэпэщауэ школ партэм дэтIысхьэ сабийм еджэным хуиIэну гукъыдэжымрэ абы щызыIэригъэхьэфыну ехъулIэныгъэхэмрэ зэрынэхъыбэр. Иджы хуэдэ лъэхъэнэм зетхьэ а хабзэ дахэм дяпэкIи дытетыну ди мурадщ. Дыхуейщ цIыкIухэм гурэ псэкIэ зыхащIэну абыхэм я зэпэщыныгъэм иригузавэ, ирипIейтей цIыху куэду ихъуреягъым зэрыщыпсэур».

Ди республикэм щыпсэу ныбжьыщIэхэм нэмыщI, къэралым и щIыналъэщIэхэми ядоIэпыкъу ди цIыхухэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр, псапащIэ Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэм хэту. УФ-м и Президент Путин Владимир къэралым и щIыпIэхэм я пашэхэм пщэрылъ ящищIахэм тету, Къэбэрдей-Балъкъэрри илъэс зыбжанэ хъуауэ лъэныкъуэ куэдкIэ ядоIэпыкъу нэгъуэщI щIыналъэхэми. Зи гугъу тщIыр ди республикэм и нэIэм щIигъэувахэу Херсон областым хыхьэ Скадовской, Голопристанскэ районхэм исхэращ. Къыхэдгъэщынщи, а щIыпIэхэм республикэм илъэсиплI лъандэрэ ухуэныгъэ-зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щрегъэкIуэкI. Гулъытэ хэха хуащI Iуэху куэд щызэфIах центрхэм я унэхэр, курыт школхэм я медицинэ IэнатIэхэр, псы зрикIуэ бжьамийхэр, амбулаторэр, нэгъуэщI социальнэ IуэхущIапIэхэр зэгъэпэщыжыным.

Хабзэ хъуауэ, а щIыналъэхэм къикIа сабийхэм гъэмахуэм къриубыдэу зыщагъэпсэху ди республикэм и санаторэхэм, лагерхэм. Ди щIыналъэм зэрыщыIа зэманыр абыхэм нэгузыужьу, гукъинэжу ягъакIуэ. Сабий хьэщIэхэм я нэгу зыщрагъэужь, зыщрагъэплъыхь ди къалащхьэм, республикэм и щIыпIэ дахэхэм.

Апхуэдэ Iуэху щхьэпэхэм къапыувауэ аращ «Сабийр школым худогъэхьэзыр» псапащIэ Iуэхур. ГъащIэм щытыкIэ гугъум иригъэува унагъуэхэм ис школакIуэхэри гъэ еджэгъуэщIэм ирихьэлIэу зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ къызэгъэпэщыныр, дауи, псапэшхуэ зыпылъ лэжьыгъэщ. Аращ а Iуэхум мы гъэми унагъуэ щхьэхуэхэри, къэрал IуэхущIапIэхэри, хьэрычэтыщIэхэри, жылагъуэ лэжьакIуэхэри жыджэру щIыхэтыр.

**ТАМБИЙ Линэ.**

● Мэкъумэш хъыбархэр

# Хьэцэпэцэ Iухыжыгъуэр и кIэм ноблагъэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым хьэцэпэцэ Iухыжыгъуэр и кIэм щынэблэгъащ. Мы гъэм абы ирагъэубыдащ гектар мин 70-м щIигъу икIи нобэкIэ и процент 85-м щIигъум гъавэр къытрахыжащ, зы гектарым ику иту центнер 38-м нэс къытекIыу.**

ХАБЗЭ зэрыхъуауэ, хьэцэпэцэм и нэхъыбэр бжьыхьэсэ гуэдзым ирагъэубыд - гектар мин 45,6-рэ. Мы гъэм дунейм и щытыкIам щхьэкIэ къэмынэу зы гектарым хуэзэу ику иту центнер 37,2-рэ къытрахащ.

Хьэцэпэцэ Iухыжыгъуэр и кIэм нэблэгъами, республикэм и мэкъумэшыщIэхэм я лэжьыгъэр къагъэланджэркъым, зыхуагъэувыжа пIалъэм тету ар ирагъэкIуэкI, никъусаныгъэншэу зэфIагъэкIын папщIи, зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ нэсу къызэгъэпэщащ, щыжаIащ КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым гуэдзрэ хьэуэ мы гъэм щыIуахыжам и куэдагъыр нэгъабэ щыIа бжыгъэхэм щIигъуащ икIи псори зэхэту тонн мин 260-рэ хъуащ. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек ар щитхащ МАХ-м щиIэ и напэкIуэцIым.

КъищынэмыщIауэ, рапсри къанэ щымыIэу Iуахыжащ. Мы гъэм ар зытращIа хьэсэм хуэдитIкIэ хагъэхъуащ – гектар мини 10-м щIигъум нагъэсащ икIи тонн мин 23-м щIигъу къытрахыжащ.

Апхуэдэуи, пхъэщхьэмыщхьэр, мэракIуэ лIэужьыгъуэхэр, хадэхэкIыр республикэм жыджэру къыщрахьэлIэж мы махуэхэм. Консерв заводхэми пхъэщхьэмыщхьэрэ хадэхэкIыу банкI мелуан 54-м щIигъу щытраIуэнтIакIэщ зэкIэ.

«Псори къапщтэмэ, дызэрыт гъэм и япэ илъэс ныкъуэм мэкъумэш продукцэу къыщIагъэкIащ сом мелард 19,5-рэ и уасэ е нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процентi 2-кIэ нэхъыбэ, иджыпсту къекIуэкI уасэхэм хуэгъэкIуауэ», - щетх КъБР-м и Iэтащхьэм МАХ-м щиIэ и напэкIуэцIым.

**КЪУЭШ Жэмал.**

# ЗыщIэупщIэ тхылъхэр я унэм хуашэ

**«Sreda_book» тхылъ щапIэр зыгъэлажьэ КIуэкIуэ Мурат къытхутепсэлъыхьащ иджыпсту тхылъым иIэ щIэупщIэм.**

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, мы тхылъ щапIэр 2020 гъэм къызэIуахащ, коронавирус уз зэрыцIалэм и зэранкIэ дуней псом мыпхуэдэ тыкуэнхэри нэгъуэщI IуэхущIапIэхэри щыщызэхуащIауэ щыта зэманым ирихьэлIэу. Абы щыгъуэ тхылъым щIэупщIэ иIэт икIи закъыхуэзыгъазэхэр зыхуей къыдэкIыгъуэхэр екIуу зэкIуэцIалъхьэурэ пщIэншэу я унэм хуашэрт.

Мурат зэрыжиIэмкIэ, я тхылъ жармыкIэхэми цIыху куэд кърохьэлIэ. Абы викторинэхэри къыщызэрагъэпэщ икIи насыпырыхь джэгум хыхьэу зи Iущагъыр къэзыгъэнэIуа цIыхухэм тхылъ гъэщIэгъуэнхэр тыгъэ щыхуащI.

- ЖармыкIэхэм я фIыгъэкIэ тхылъеджэ нэхъыбэм дыкъацIыхуащ, ди проектым и мыхьэнэр зрагъэщIащ. Ди щэхуакIуэхэр нэхъыбэу щIалэгъуалэщ. Къэбгъэлъагъуэмэ, абыхэм я ныбжьыр илъэс 20 - 35-м итщ. Нэхъыжьхэр тхылъхэм щIоупщIэ, ауэ ящэхуркъым. Нэхъыбэу зыхуейр дин, кавказ темэр зи лъабжьэ тхылъхэрщ. Художественнэ тхыгъэхэми щIэупщIэ яIэщ, - жеIэ КIуэкIуэм.

НэхъыжьхэмщIалэгъуалэр еджэным хуэхамэу къащыхъуми, Мурат ар щыуагъэу къелъытэ, тхылъыр зыхалъхьэ щымыIэу зыфIэфIхэр, зи щIэныгъэм хэзыгъэхъуэну гукъыдэж зиIэхэр я тыкуэным махуэ къэс зэрыщызэблэкIыр и нэгу щIокIри. КъинэмыщIауэ, мы тхылъ щапIэм мазэ къэс къыщызэрагъэпэщ усэ пшыхь гъэщIэгъуэнхэр, къыдэкIыгъуэ щхьэхуэхэр щызэпкърах, абыхэм къыхэщ лIыхъужь нэхъыщхьэхэм (Дюма Александр и «Граф Монте-Кристо», Лондон Джек и «Иден Мартин») я хьэлщэнхэр психологхэр кърагъэблагъэурэ щытопсэлъыхь, цIыхухэр тхылъхэм дегъэхьэхыным теухуа нэгъуэщI зэIущIэхэр ирагъэкIуэкI. Иужьрей я зэхыхьэхэр траухуащ Куприн Александр («Яма»), Достоевский Фёдор («Записки из подполья»), Толстой Лев (Крейцерова соната») сымэ я тхыгъэхэм. А псом къадэкIуэу, я интернет напэкIуэцIым мазэ къэс кърапъхьэ тхылъ еджэныр зыфIэфIхэм я цIэунэцIэхэр (зэджа тхылъхэм я фIэщыгъэхэмрэ бжыгъэхэмрэ дэщIыгъуу). ЩIэблэр тхылъхэм дебгъэхьэхынымкIэ ахэри щапхъэу, Iэмалу жыпIэ хъунущ.



«Sreda_book» онлайн тхылъ щапIэм и лэжьыгъэр къехъулIэу жыпIэ хъунущ. IуэхущIапIэр къызэрызэIуахрэ абы и лэжьакIуэхэр тхылъеджэхэм нэхъ гъунэгъу яхуэхъуащ икIи налшыкдэсхэм тыкуэным и щыIэкIэ-лэжьэкIэм зыхагъэгъуэзэну хунэсащ. Сабий, дин, художественнэ литературэхэр, дунейпсо классикэр куэду щызэхуэхьэса мы тхылъ щапIэм зыхуэзыгъазэхэр зыщIэупщIэ тхылъхэр я унэм хуашэ.

- Урысей Федерацэм, Европэм къыщыскIухьыну къыщысхуихуам гу лъыстащ цIыхухэр зэджа я тхылъхэр зэхыхьэурэ ящэжыныр къалэ зыбжанэм хабзэу зэрыщызекIуэр. А Iуэху дахэр дэркIи щапхъэу икIи щхьэпэу къызолъытэ. Илъэсым зэ викторинэ къызыдогъэпэщ икIи ар дызыхуэкIуэ махуэ гъунэгъухэм тедухуащ, - къыддогуашэ КIуэкIуэ Мурат. – Нэхъыщхьэраци, иджырей зэманым, гъащIэм зыдебгъэкIун, щIэныгъэ убгъэдэлъын папщIэ Iэмал имыIэу тхылъ уеджэн хуейщ. Ар куэдым къагуроIуэ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

# ТхыпхъэщIыпхъэхэм ящIэлъщ щIагъыбзэ

**Ди республикэм и мащIэкъым дызэрыгушхуэ, лъэпкъ щэнхабзэр зыгъэбей IэпэIэсэхэр. Абыхэм ящыщщ мы махуэхэм зи илъэс 70-р зыгъэлъэпIа, УФ-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм хэт Мэстафэ Вячеслав.**



И ныбжьыр илъэс пщыкIухым иту лэжьэн щIидзэри, IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэ куэд зэрихъуэкIащ Вячеслав, IэпэIэсагъэм хуэкIуэн ипэкIэ. Балигъ щыхъум абы къыгурыIуащ зыхуежьа IэщIагъэхэр зэрыIэщIэужэгъуар. Дэзыхьэхын Iуэху къилъыхъуэурэ дэрбзэр гуэрым и деж щылэжьэну щригъэблагъэм, къыхуигъэлъэгъуам дихьэхащ.

1985 гъэм фэилъхьэгъуэхэр дынымкIэ лаборанту лэжьэн щIидзауэ щытащ. Ауэрэ, адыгэ тхыпхъэщIыпхъэхэм я щIыкIэр зэгъэщIэным ар зыIэпишащ. IэщIагъэм и щэхухэмкIэ зыпкърыупщIыхь нэхъыжьыIуэхэм зыхуейр тыншу къащыхупымыхым, тхыпхъэр Iуданэ зырызу зэпкърих-зэпкърилъхьэжурэ и дыкIэр къиубыдырт. Хэти Iуэхум хигъэгъуэзэну хуейтэкъым, хэти IэщIэгъупщыкIыжырт. Къэбгъэлъагъуэмэ, лIыжьиплIрэ зы нанэрэт а IэщIагъэхэм хащIыкIыжу зрихьэлIар. Мэстафэм нэхъыжьхэр и дэIэпыкъуэгъуу зыхуигъэсащ лъэпкъ фэилъхьэгъуэхэр дыным, дыщэидэм, арджэным, гъукIэным, уанэ щIыным я щэхухэм. Иджы ар ящыщщ пасэрей лъэпкъ IэщIагъэ дахэхэр зымыгъэкIуэдыжхэм, ахэр къэзыгъэщIэрэщIэжхэм, щIэблэр IэпэIэсагъэм щIэзыпIыкIхэм.

НэгъуэщIхэм къащхьэщыкIыу, Мэстафэр пасэрей дыкIэм и хабзэхэм тетт. Къэдабэ е шылэ щэкIхэм къыхищIыкI и фащэхэм тхыпхъэхэр дыщэ, дыжьын IуданэхэмкIэ хидыкIырт. IэпщIэлъапщIэм езым и Iуэху бгъэдыхьэкIэ къигъуэтыжащ, и IэрыкIхэми зэман кIэщIым къриубыдэу щIэупщIэрэ гулъытэрэ ягъуэтащ. Вячеслав пасэрей хъэрэмэхъищэмрэ хэдыкIымрэ я хабзэхэри зэфIигъэувэжащ. Ахэр къыщегъэсэбэп адыгэ бзылъхугъэ фащэхэр, пыIэхэр, нэгъуэщI фэилъхьэгъуэхэр щищIкIэ. И IэрыкIхэм я гъэлъэгъуэныгъэ Къэбэрдей-Балъкъэрми, Урысей Федерацэм и нэгъуэщI щIыпIэхэми, хамэ къэралхэми щекIуэкIащ. Абыхэм ящыщхэр щахъумэ ди къэралым и лъахэхутэ музейхэм, Тыркум, Иорданием, Сирием, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, Японием щыпсэухэм ящыщу и лэжьыгъэхэр зыщэхуа цIыху щхьэхуэхэри щыIэщ.

Уигъэлъыхъуэнщ уанэ щIыным абы щиIэ зэфIэкIым хуэдэ. Пасэрей Iэпэсэхэм я хабзэм тету ищIа мы хьэпшыпхэр фIагъкIи дахагъкIи къызыхуэтыншэщ. ТеплъэкIи плъыфэкIи зэщхьэщыкI и арджэн зэмылIэужьыгъуэхэращи, нэр зыгъэгуфIэщ, хьэщIэщхэр, музейхэр, шхапIэхэр ирагъэдахэу.

И хьэл-щэным и гугъу пщIымэ, Мэстафэр утыкуакIуэхэми, фэрыщIхэми, мылъкущIэкъухэми ящыщкъым, атIэ и къару емыблэжу зыхуэлажьэр лъэпкъ щIэиныр, пасэрей хьэпшыпхэр ди япэ итахэм яхуэфащэу зехьэнырщ, IэщIагъэр гъэкIуэтэнырщ. И лэжьыгъэхэми хуэдэу, гъащIэми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ хуиIэщ.

ГъэщIэгъуэнракъэ, Мэстафэ Вячеслав дэзыхьэха пасэрей IэщIагъэ дахэм илъэс щэщIым щIигъуауэ и щэхухэр къетIэщIри, иджыри иухыркъым. Лъэпкъ тхыпхъэщIыпхъэхэмрэ абыхэм я къэгъэсэбэпыкIэмрэ я мыхьэнэр къызыгурыIуэр абы димыхьэхынкIэ Iэмал имыIэу къелъытэ. Ди лъэпкъым къыдекIуэкIа фэилъхьэгъуэхэм, IэрыкIхэм щеплъкIэ зы лъэныкъуэкIэ игу хохъуэ, нэгъуэщI лъэныкъуэкIи зэфIэкI зиIахэм йохъуапсэ.

Урысей этнографие музейм, Санкт-Петербург дэтым, Кавказым, Къэзахъстанымрэ Азие КурытымкIэ и къудамэм и унафэщI Дмитриев Владимиррэ Вячеславрэ адыгэхэм я IэдакъэщIэкIыу музейм щIэлъхэм ятеухуа тхылъхэр къыдагъэкIащ. Мазихым щIигъукIэ абы щылэжьати, зэи ямыгъэлъэгъуа хьэпшып куэдым сурэтхэр трахри, тхылъым хагъэхьащ. Мы Iуэхум дихьэх цIыхухэм ар зэрахуэщхьэпэм, дауи, шэч хэлъкъым.

Музейм щилъэгъуа хьэпшыпхэр Вячеслав гукъинэж щыхъуащ икIи егъэщIагъуэ лъэпкъым иIа IэпэIэсэхэм я зэфIэкI къызэрымыкIуэхэр. Александр Ещанэр и щхьэгъусэ Марие и гъусэу Кавказым къыщыкIуам адыгэпщхэм абы тыгъэ хуащIауэ щыта бостейр абы щилъэгъуащ икIи а фэилъхьэгъуэр узримыгъэплъу зэрыдахэр иджыри и нэгу щIэтщ. Лэжьыгъэшхуэ зрахьэлIа, тхыпхъэ, мыщIэ, уагъэ зыхаухуанэу ямылейуэ ягъэдэха а фащэм и зэхэлъыкIэр къыпхуэмыIуэтэным хуэдэу жеIэж.

Вячеслав къызэрилъытэмкIэ, тхыпхъэщIыпхъэхэм я мыхьэнэмрэ ящIэлъ щIагъыбзэхэмрэ «бджыныр» нэхъ гъэщIэгъуэныжщ. Абыхэм лъэпкъ гупсысэм и кууагъыр къыхощ. Пасэ зэманым хъыджэбзхэм зэрахьэу щыта чысэ цIыкIухэм я лъэныкъуэхэр зэмыщхьу хэдыкIат. ЗымкIэ тет тхыпхъэм хъыджэбзым псэгъу хуэхъунур къызэрилъыхъуэр, адреймкIэ трашIыхьам унагъуэ ихьэну хьэзыр зэрыхъуар къагъэлъагъуэрт. Апхуэдэ щапхъэхэр куэд мэхъу.

- Фащэ дыным зэманышхуэ токIуадэ. Абы и теплъэр, зэхэлъыкIэр, тетыну тхыпхъэхэр бубзыхуу, ар хэбдыкIыныр Iуэху цIыкIукъым. Ди лъэпкъ фащэр апхуэдизкIэ нэгъэсауэ зэхагъэуващи, зыгуэр хэпхмэ - фагъуэ мэхъу, хэплъхьэмэ - цIугъэнэ пфIохъу. Фащэр зыщыгъым фэ къытрегъауэ. Дуней псом фащэ нэгъэсауэ (классическэу) лъэпкъ фэилъхьэгъуи 6 щыIэу аращ. Адыгэ фащэри абыхэм ящыщщ. Апхуэдэу щытми, фащэм я нэхъ дахэр цIыхум и хьэл-щэнырщ, - жеIэ Мэстафэм.

Мэстафэ Вячеслав и гъэсэнхэм ящыщхэм а IэщIагъэр къащтауэ иролажьэ, цIыхубз, цIыхухъу фащэхэр яд, хадыкI. Уеблэмэ, ныбжьыщIэхэр зыгъаси яхэтщ. Фащэ зыду, хэзыдыкIыу ди щIыналъэм ис пщащэхэм я нэхъыбэм адыгэ тхыпхъэщIыпхъэхэр куэду къызэрамыгъэсэбэпыр абы и жагъуэ мэхъу. Ди IэщIагъэ дахэм лъэщIыхьэн щIэин зиIэ зы лъэпкъи дуней псом теткъым. Лъэпкъым ди нэхъыжьыфIхэм я псэр зыхэлъа а Iуэхур тхуэмыхъумэмэ, къызэрытхуэмыгъунур Мэстафэм быдэу и фIэщ мэхъу.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

**УФ-м и Лъэпкъ гвардием и федеральнэ къулыкъум бэнэкIэ зэхэтымкIэ и чемпионатыр зэрырагъэжьэм теухуа зэIущIэ Налшык щекIуэкIащ.**

# КъикIат къэралым и щIыпIэ псоми



ЖУРНАЛИСТХЭМ къытIущIащ зи гугъу тщIы IэнатIэм и спорт комитетым и унафэщIхэр, зэпеуэхэр зэрекIуэкIым кIэлъыплъа судьяхэр, зэхьэзэхуэм кърихьэлIа гуп щхьэхуэхэм я лIыкIуэхэр.

«Вымпел» спорт комплексым шыщхьэуIум и 12 - 14-хэм къриубыдэу щекIуэкIащ Урысей Федерацэм и Лъэпкъ гвардием и къудамэхэу къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 8-м щыIэхэм спортым зи гугъу тщIы и унэтIыныгъэмкIэ я гуп щхьэхуэхэм я зэхьэзэхуэхэр.

Апхуэдэ зэпеуэхэр я зэкIэлъыгъэкIуэкIэкIэ Iыхьитху зэщхьэщыхащ. Япэр спортсменхэр щыту я лъакъуэхэр, я Iэхэр зэрагъэлэжьам тещIыхьат. ЕтIуанэм зэрыщыту я Iэпкълъэпкъхэр бэнэкIэм зэрыхуэгъэпсар щагъэлъэгъуащ.

- Лъэпкъ гвардием и федеральнэ къулыкъум бэнэкIэ зэхэтымкIэ и чемпионатым и къызэгъэпэщакIуэхэри дыхэту, УФ-м пIалъэ-пIалъэкIэрэ щокIуэкI Азие Курытымрэ СНГ-мрэ хыхьэ къэралхэм спортым мы и лIэужьыгъуэмкIэ тренерхэмрэ судьяхэмрэ щрагъэблагъэ семинархэр. АтIэми, Урысейм и бэнакIуэхэр мы Iуэхум нэхъ хуэIэзэу зэрыщытым къыхэкIыу, къулыкъущIапIэхэм я лIыкIуэхэр а унэтIыныгъэмкIэ зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэрыхэтыным хущIэкъу зэпытщ. А псом къахэкIыуи дэ, а Iуэхум пыщIахэр, сытым дежи дыхуэхьэзырщ къарузехьэ IэнатIэхэм ящыщу Урысей Федерацэм щыIэхэми дэщхьу нэгъуэщI къэралхэм яйхэми зэхьэзэхуэхэм хуагъэхьэзыр спортсменхэр зэрызэпедгъэуэным, я зэхуаку зэныкъуэкъу узыншэ зэрыщедгъэкIуэкIыным, - къыддэгуэшащ спорт комитетым и унафэщI Пак Павел.

Судья нэхъыщхьэ Ошивалов Борис зэрыжиIамкIэ, къарузехьэ къулыкъущIапIэхэм я спортсменхэр щызэрихьэлIа мы чемпионатри «Iэзагъэ ин къыщагъэлъагъуэ» мыхьэнэ зратахэм ящыщщ. ИкIи спортымкIэ урысейпсо классификацэм къигъэув пщалъэхэм пхыкIхэм хуитыныгъэ яIэщ «УФ-м спортымкIэ и мастер» цIэ лъапIэр къызэрыфIащыным хущIэкъуну.

«Вымпел» спорт комплексым етIуанэ махуэм щекIуэкIа зэIущIэм хэтащ спорт комитетым и унафэщI, полковник Пак Павел, 2016 гъэм Бразилием и Рио-де-Жанейрэ къалэм щекIуэкIа Олимпиадэм чемпион щыхъуа, Европэми Урысей Федерацэми ДзюдомкIэ я чемпион Мудрэн Беслъэн, КъБР-м дзюдомкIэ и федерацэм и президент, УФ-м къэрал зэхуаку категорие зиIэ и судья Емкъуж Нурмухьэмэд, Къэбэрдей-Балъкъэрым къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ Мамхэгъ Назир, Урысей Федерацэм къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ и къулыкъум и IуэхущIапIэ нэхъыщхьэм и унафэщIым и къуэдзэ, полковник Анаев Мыхьэмэт, КъБР-м и Парламентым и депутатхэу Алтуев Аслъэнрэ Къаздэхъу Альбертрэ, республикэм спортымкIэ и министрым и къуэдзэ Хэжь Заур, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм щылажьэхэр, нэгъуэщIхэри.

Чемпионатым къекIуэлIа команди 8-м цIыху 70-м щIигъу яхэтащ. Зэхьэзэхуэм зыкърезыгъэхьэлIа спортсменхэр утыку къраша нэужь, Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я гимнхэр къеуащ, ди къалэныр зыгъэзащIэу хэкIуэда зауэлIхэм дакъикъэкIэ яхуэщыгъуащ.

Зэхьэзэхуэхэм хэтащ федеральнэ щIыналъэхэу Кавказ Ищхъэрэм, Ипщэм, Приволжьем, Курытым, Ищхъэрэ КъухьэпIэм, Уралым, Сыбырым, КъуэкIыпIэм къикIа гуп щхьэхуэхэр.

Чемпионатыр IуэхугъуитIым ирырагъэхьэлIат. Япэрауэ, ар къэралым и хабзэхъумэ IэнатIэм пыщIа дзэ пакIэхэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 215-рэ зэрырикъум трагъэхуащ. ЕтIуанэрауэ, зэпеуэр УФ-м и Лъэпкъ гвардиер илъэси 10 зэрырикъум хуагъэзащ.

Зэхьэзэхуэхэм щIадзэн ипэ, къызэхуэсахэм я пащхьэ зыкъыщагъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Адыгеймрэ щIыхь зиIэ я артист ДыщэкI Артур, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист ЦокIыл Азэмэт, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Унэжокъуэ Зэремэ зи унафэщI, республикэм къафэмкIэ и цIыхубэ ансамбль «Шагъдийм», «Кабардинка» къэрал академие гупым хэтхэм, нэгъуэщIхэми.

**КЪАНКЪУЛ Раисэ.**



## Кавказ Ищхъэрэм щыпэрытщ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым промышленнэ продукцэу къыщыщIагъэкIым и куэдагъым хэхъуэ зэпытщ. ЖыпIэнурамэ, 2026 гъэм и щIышылэм - мэкъуауэгъуэм къриубыдэу продукцэ зэхуэмыдэхэр къыщIэзыгъэкI, абыхэм елэжь IуэхущIапIэхэм нэгъуэщI щIыналъэхэм хурагъэшам, лэжьыгъэу зэфIагъэкIамрэ цIыхухэм хуащIа Iуэхутхьэбзэхэмрэ зэхэту сом мелард 36,2-рэ къапэкIуащ. Хэхъуэу процент 38-м нэблагъэ къагъэлъэгъуащ е нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм процент 137,6-кIэ хуэкIуэу.**

КЪИЩЫНЭМЫЩIАУЭ, къапщытэж пIалъэм къриубыдэу промышленнэ продукцэхэр къыщIэзыгъэкIхэмрэ абыхэм елэжьхэмрэ нэгъуэщI щIыналъэхэм зэрыхурагъашэм и псынщIагъэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым япэ увыпIэр Кавказ Ищхъэрэм щиIыгъщ. Мыбдежым щыпэрытхэщ республикэм ерыскъы, псыхэкIхэр, гъущIым къыхэщIыкIа продукцэхэр, электрообрудованэхэр, унэлъащIэ, нэгъуэщIхэри къыщIэзыгъэкI и IэнатIэхэр.

**БОЛЭТ Жэмал.**

# Япэ иратъэщурэ, лъэщIохьэж

• Футбол

**«Заря» (Луганск) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 2:2 (1:1). Абрамовкэ. «Новоколор-арена» стадион. ШыщхьэуIум и 16-м. ЦIыхуи 100 еплъащ.**

**Судьяхэр** Матвеев (Ивановэ), Ченцов (Старый Оскол), Чуриков (Волгоград).

**«Заря»**: Микитюк, Михайлов, Куканов, Скрыпников, Агапов (Ознобихин, 74), Циндрик, Глущенкэ (Шоларь, 80), Титаренкэ, Муромский (Антонец, 64), Романов, Шарапов (Захаров, 64).

**«Спартак-Налшык»**: Каркаев, Гирзишев, КIэдыкIуей, Жабоев, Пириев, Тут (Селяев, 64), Малкандуев (Iэпщацэ, 69), ХьэцIыкIу, Хьэшыр, Ибрагимов, Лысенкэ (ЛIуп, 64).

**Топхэр дагъэкIащ**: Шараповым, 5 (1:0). Ибрагимовым, 24 (1:1). Михайловым, 51 (2:1). Лысенкэ, 56 (2:2).

**Дагъуэ къыхуащIащ**: Титаренкэрэ Романовымрэ.

УРЫСЕЙМ и Кубокыр къэхьыным теухуа зэпеуэм Владикавказ и «Алания»-м махуэку кIуам зэIущIэ гугъу дыдэ драгъэкIуэкIами, ар зэрыщыхагъэщIа щIыкIэм икъукIэ я гур хигъэхъуауэ «Спартак-Налшыкым» и футболистхэр ежьащ Луганск и «Заря»-м дэджэгуну. Дауи, а махуэ зытIум нэсу загъэпсэхужыну ди щIалэхэр хунэсатэкъым, ауэ ехъулIэныгъэм пащэну хьэзырт.

Владикавказ и «Алания»-р 3:0-у япэ ирагъэщу, зэIущIэм и кIэух дакъикъэхэм джэгур къызэрырагъэлыфам налшыкдэсхэм я къарур я фIэщ ищIыжат. ИкIи, вэсэмахуэрей зэпэщIэтыныгъэм и етхуанэ дакъикъэм хэгъэрейхэм я гъуащхьауэ Шарапов Тимур бжыгъэр къызэIуихыу «Заря»-р япэ щригъэщам, зыри къэмыхъуам хуэдэу «Спартак-Налшыкым» адэкIэ къыпищащ. Аращ зи фIыгъэр мыгувэу Ибрагимов Магомед къызэрыхэжанықIар. Абы Iуэхур 1:1-м хуигъэкIуауэ зэIущIэм и япэ Iыхьэр иухащ.

Загъэпсэхуу къихьэжа иужькIи щытыкIэм зэрызихъуэжа щыIэкъым. Хэгъэрейхэр къаруушхуэкIэ ебгъэрыкIуэрт, хьэщIэхэм абыхэм яхуэфэщэн жэуап щIэх-щIэхыурэ иратыжырт.

Япэ иратъэщурэ, лъэщIыхьэжыныр зигу ирихьа «Спартак-Налшыкым» луганскдэсхэм я гъуащхьэхъумэ Михайлов Алексей 51-нэ дакъикъэм топ къыдрагъэгъэкIащ. «Заря»-м и футболистхэм ар нэсу ягъэлъэпIэну хунэсатэкъым Лысенкэ Сослъэн бжыгъэр зэхуэдэ, 2:2, щищIам.

Иджыри зэман кIыхь лъэныкъуэхэм къахуэнат текIуэныгъэр зыIэрагъэхьэну. Дэтхэнэри абы пэгъунэгъу щыхъуа мызэ-мытIэу щыIами, зэрытемыгъэкIуауэ ахэр зэбгъэдэкIыжащ. Апхуэдэу щыт пэми, ди щIалэхэр еплIанэ увыпIэм нэс аргуэру дэкIуэтеижащ.

Зы махуэкIэ нэхъ пасэу зэдэджэгуащ «Спартак-Налшыкыр» зыхэт гупым и адрей командэхэр. Абыхэм узыпэмыплъа бжыгъэ зыбжанэ къарикIуащ. Апхуэдэу, хэт и гугъэнт зэхьэзэхуэм щыпашэ «Севастополь»-р кIэух увыпIэхэм ящыщ зым щыт «Астрахань»-м къыхигъэщIэну, ари и стадионым щыджэгужу. Дауи, хэгъэрейхэр бэлэрыгъащ. Ардыдэр пхужыIэнущ Дон Iус Ростов и командэми теухуауэ. Налшык щыIэу тхьэмахуэ ипэкIэ ди щIалэхэр бжыгъэшхуэкIэ къыхэзыгъэщIа «Ростов-2»-р иджы Нэзрэн къикIа «Ангушт»-м пэлъэщакъым.

Донецк и «Шахтёр»-ми икъукIэ гугъу зригъэхьын хуей хъуащ Черкесск и «Нартым» и стадионым щытекIуэн папщIэ. Сытми, зы топкIэ нэхъыбэ худигъэкIри, очкоищыр зыIэригъэхьащ.

Куэдым хуагъэфэщакъым Мэхъэчкъалэ и «Динамо-2»-р «Кызылташ»-м Кърымым кIуауэ щыпэлъэщыну. АрщхьэкIэ хьэщIэхэр бжыгъэшхуэкIэ текIуащ.

Мейкъуапэ и «Дружба»-ми Песчанокопскэ къутырым щыхигъэщIэн хуеящ кIэух увыпIэм зыщызыгъэбыда «Чайка-М»-р. АрщхьэкIэ къехъулIакъым.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм и зи чэзу джэгугъуэм крикIуа бжыгъэхэм адэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ: **«Шахтёр»** (Донецк) - **«Нарт»** (Черкесск) - **3:2**, **«Рубин»** (Ялта) - **«Нефтяник»** (Избербаш) - **2:1**, **«Севастополь»** (Севастополь) - **«Астрахань»** (Астрахань) - **3:4**, **«Кызылташ»** (Бахъчисарай) - **«Динамо-2»** (Мэхъэчкъалэ) - **1:4**, **«Ростов»** (Дон Iус Ростов) - **«Ангушт»** (Нэзрэн) - **0:0**, **«Чайка-М»** (Песчанокопскэ) - **«Дружба»** (Мейкъуапэ) - **1:1**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щэбэт къакIуэ щекIуэкIынущ. Ар «Спартак-Налшыкым» блигъэкIынущ, зыхуэзэн хуея Первореченскэм и ПСК-р зэхьэзэхуэм зэрыхэкIыжам щхьэкIэ.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Севастополь»** | **18** | **13** | **2** | **3** | **34-16** | **41** |
| **2. «Ростов-2»** | **18** | **12** | **3** | **3** | **38-15** | **39** |
| **3. «Шахтёр»** | **18** | **12** | **3** | **3** | **35-17** | **39** |
| **4. «Спартак-Налшык»** | **18** | **7** | **7** | **4** | **27-18** | **28** |
| 5. «Рубин» | 18 | 7 | 7 | 4 | 24-18 | 28 |
| 6. «Победа» | 17 | 8 | 3 | 6 | 33-22 | 27 |
| 7. «Нарт» | 17 | 8 | 3 | 6 | 24-15 | 27 |
| 8. «Кызылташ» | 18 | 8 | 3 | 7 | 31-25 | 27 |
| 9. «Дружба» | 17 | 6 | 5 | 6 | 20-20 | 23 |
| 10. «Заря» | 18 | 5 | 5 | 8 | 19-26 | 20 |
| 11. «Астрахань» | 17 | 5 | 3 | 9 | 20-26 | 18 |
| 12. «Нефтяник» | 18 | 6 | 0 | 12 | 17-50 | 18 |
| 13. «Ангушт» | 18 | 4 | 4 | 10 | 9-19 | 16 |
| 14. «Динамо-2» Мх | 18 | 3 | 4 | 11 | 16-31 | 13 |
| **15. «Чайка-М»** | **18** | **2** | **2** | **14** | **11-40** | **8** |

# Кавказым и щэху къамыхутахэр

• ТхылъыщIэ

**ТхакIуэ Котляров Виктор иджыблагъэ къыдигъэкIа «Кавказым и щэху къамыхутахэр: Къэбэрдей-Балъкъэрым и адрей дуней» тхылъыр абы ипэ, мэкъуауэгъуэ мазэм дунейм къытехьа «Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрыщыту» тхылъым щызэхуэхьэса къэхъукъащIэ гъэщIэгъуэнхэм къыпызыщэщ. Абы ихуащ ди республикэр, уеблэмэ Кавказ Ищхъэрэр, джын зэрыщIидзэрэ блэкIа илъэс пщIы бжыгъэхэм зыIууа, псалъэкIэ къыпхуэмыIуатэ щэху, къэхъугъэ телъыджэхэм ятеухуа тхыгъэ пщIы бжыгъэхэр.**

А IУЭХУГЪУЭХЭР апхуэдизкIэ къызэрымыкIуэщ икIи уи щхьэм пхуимыгъэтIасэщи, куэдым къащохъу ахэр авторым къигупсысауэ, фантастикэу, гупсысэ куум и Iэужьу къалъытэ, ауэ ар пэжкъым.

- Тхылъым сыкъыщеджэжкIэ, зэзэмызэ сэ езыми си фIэщ хъуыжыртэкъым слъэгъуам и щыхьэту сыщытауэ, си щхьэкIэ къэсIуэтэжар зыхэсщIауэ, згъэвауэ, а псори си нэгу щIэкIауэ. Иджыпстуи нэсу къызгурыIуэркъым: нэгъуэщI дунейм щекIуэкIхэр зыхэсщIэну тхьэгурымагъуэм Iэмал къыщIызитар, - жеIэ Котляровым.

Тхылъыр инщ, напэкIуэцI 680-рэ мэхъу, дахэу гъэщIэрэщIащ, теплъафIэщи, тыгъэу птыну уасэ иIэкъым.

«Абы зыщывгъэгъуэза нэужь, зэрывгъэщIэгъуэнумкIэ, фызэрыдихьэхынумкIэ шэсыпIэ сохьэ: апхуэдэ тхылъ иджыри къыдэкIакъым, дяпэкIэ къыдэкIынуи си фIэщ хъуркъым, сыту жыпIэмэ, абы и напэкIуэцIхэм къыщыгъэлъэгъуар къэпIуэтэн дэнэ къэна, зыхэпщIэн хуейщ», - къыддогуашэ Виктор.

Апхуэдэ къыдэкIыгъуэр полиграфие и лъэныкъуэкIэ гурыфIыгъуэ лъапIэщ, ахъшэ куэд токIуадэ, ауэ абы къыщыIуэтам цIыхупсэр арэзы ещI. Ар авторым и дуней зыхэщIэкIэщ, гъэщIэгъуэнщ икIи щIэину къытхуигъанэ зыгуэрщ.

Мы тхылъыр щIэщыгъуэ ещI Котляровхэ Викторрэ Мариерэ нэхъапэIуэкIэ къыдагъэкIа тхылъхэм ятеухуауэ щIэджыкIакIуэхэм ятхахэм (ахэр 70-м щIегъу). Абыхэм ящыщ зыбжанэ фи пащхьэ къитхьэну дыхуейщ.

**Уэлджыр Артур**: - Котляровхэ апхуэдэу псынщIэу, цIыхуитху фIэкIа ямыгъэлажьэу, тхылъ куэд къыдагъэкIри, къару нэрымылъагъу гуэр къазэрыдэIэпыкъум уемыгупсысынкIэ Iэмал иIэкъым.

**Бгъэжьнокъуэ Иринэ**: - ФIыщIэ ин пхузощI, Виктор, уи лэжьыгъэ телъыджэм папщIэ. Ди къуэрылъху-пхъурылъхухэм папщIэ библиотекэм хэлъыну уасэ иIэкъым, абыхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щэнхабзэр, щIыналъэ хъугъуэфIыгъуэхэр зэбгъэцIыхуфынущ.

**Таз ФатIимэ**: - Сынывохъуэхъу зи чэзу проект иныр, телъыджэр ехъулIэныгъэкIэ зэрызэфIэкIамкIэ! Викторрэ Мариерэ фи зэфIэкIым папщIэ фIыщIэ фхузощI.

**Ермэлы Еленэ**: - 2000 гъэхэм я пэщIэдзэм, фи тхылъхэмрэ тхыгъэхэмрэ япэу къыщысIэрыхьам, сыдахьэхри, занщIэу къызгурыIуащ псэкIэ уи гъунэгъу цIыхум и IэдакъэщIэкIхэм уеджэныр зэрынасыпыр. Си ныбжьыр илъэс 30-м щыщIигъуам, фызэзгъэцIыхуащ. Абы лъандэрэ илъэс 25-рэ дэкIащи, дызэрощIэ. Фи лэжьыгъэхэр згъэщIагъуэ пэтми, схуэухыркъым. Фи тхылъхэр сэрэ си унагъуэмрэ фIыуэ ялъагъу.

**Гарунин Вадим**: - Си насып къихьащ Котляров Виктор си щхьэкIэ зэзгъэцIыхуну. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым и дэтхэнэ плIанэпэри фIыуэ зыцIыху, абы теухуа гъэщIэгъуэн куэд щIэджыкIакIуэхэм я пащхьэ изылъхьэ автор гъуэзэджэщ.

**Овчинников Александр**: - Котляровым и лэжьыгъэхэм я библиографием сриплъащ - тхыгъэу 2 429-рэ, урысыбзэкIи, балъкъэрыбзэкIи, адыгэбзэкIи, адыгеибзэкIи. Абы инджылызыбзэкIэ, нэгъуэщI хамэ къэралыбзэхэмкIэ зэрадзэкIахэр хэзбжэркъым.

**Бэрэздж Мадинэ**: - Дэри мы щIыналъэми нэхъыбэIуэрэ фыкъыддэгъуэгурыкIуэ къудей!

**Горностаевэ Наталье**: - Виктор, уэ зыми хуэмыдэжу мы дунейр зыхыбощIэ, гъащIэми хыбощIыкI. Фи тхыгъэхэм седжэну сфIэфIщ, псом нэхърэ нэхъ сфIэфIыр ди уэршэрхэрщ.




**Зрум Нусэ**: - Куэдрэ насыпыфIэу фыпсэу! Творческэ гъуэгум сыт щыгъуи гукъыдэж къыщыфпреплъэ, гъащIэм фIэщхъуныгъэр, лъагъуныгъэр, насыпыр фыщиIэпэгъуу Тхьэм фигъэпсэу.

«ФIыщIэ яхузощI си дуней лъагъукIэмрэ си псалъэмрэ зыпэгъунэгъу псоми, си тхылъ нэхъыщхьэм и напэкIуэцIхэм дыщызэхуэзэнщ», - жеIэ Котляров Виктор.

**ШЭРIУЖЬ Даянэ.**

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; з корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.091
Заказыр №1746
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

*жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Джатокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **ДыщэкI Соня** *(2, 4-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(1, 3-нэ нап.)*.
*КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**
*Сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.